ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№69 (22.727) ● 2014 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 12, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Физкультурэмрэ спортымрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

**Джэду Iэниуар Борис и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхахэр спортым хуэгъэсэнымкIэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм бэнэкIэ хуитымкIэ и спортсменым-гъэсакIуэм

**Курамагомедов Заур Исматула и къуэм** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Iуащхьэмахуэ районым физкультурэмрэ спортымкIэ и комитет» муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и спортсменым-гъэсакIуэм

**Кучинэ Марие Александр и пхъум** - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и командэ къыхэхахэр спортым хуэгъэсэнымкIэ центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм бэнэкIэ хуитымкIэ и спортсменым-гъэсакIуэм

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м*
*№85-УГ*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным куэд зэрыхащIыхьам папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

**Абэнокъуэ Рустам Борис и къуэм** - «Къэрал музыкэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и уэрэджыIакIуэм

**Мизиев Iэубэчыр Хьэнэпий и къуэм** - «Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и актерым

**Рудницкий Дмитрий Игорь и къуэм** - «Тэрч къэзакъхэм уэрэдымрэ къафэмкIэ я Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал фольклор ансамбль» къэрал кIэзонэ щэнхабзэ IуэхущIапIэм и балетым и артистым

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм мэлыжьыхьым и 7-м*
*№86-УГ*

# КIуэкIуэ Юрийрэ Титов Борисрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм



КIуэкIуэ Юрийрэ ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу Урысейм и Президентым и деж щыIэ Титов Борисрэ Москва щызэхуэзэри тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес мыинымрэ курытымрэ защIэгъэкъуэным, республикэм инвестицэ щытыкIэ тэмэм къыщызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщхьэхукIащ, и экономикэ зэфIэкIхэм я лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, агропромышленнэ комплексым, курорт-рекреацэ комплексым, нэгъуэщI IэнатIэ зыбжанэми зегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым куэдкIэ ущыгугъ зэрыхъунур. Лъэныкъуэхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и хьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр тэмэму къызэгъэпэщыным пыщIа Iуэхухэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● ЩIэ

# Щхьэпэщ икIи гъэщIэгъуэнщ



**Ди щIалэгъуалэм я зэфIэкIым хагъэхъуэным, я Iэпкълъэпкъыр псыхьа хъуным республикэм гулъытэ зэрыщиIэм уегъэгуфIэ. Апхуэдэ зыуэ вэсэмахуэ Налшык, Абхъазым и утым, скейтпарк къыщызэIуахащ. Спортым дихьэх цIыкIухэм иджы Iэмал яIэщ лъакъуэрыгъажэкIэ, роликкIэ, сноубордкIэ хуиту къажыхьыну.**

- ЩIЫМАХУЭМ мыбдеж лъэрыжэ къэжыхьыпIэ щыдухуауэ щытащ. Иджы республикэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий и унафэкIэ мы скейтпаркыр къызэдгъэпэщащ. СызэреплъымкIэ, щIалэгъуалэм зэштегъэу яхуэхъунымкIэ, я Iэпкълъэпкъыр япсыхьынымкIэ мыр сэбэп хъунущ, - жиIащ Налшык щIыпIэ администрацэм и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд.**

КъБР-м спортымкIэ и министр **АфIэунэ Аслъэн** ныбжьыщIэхэм ехъуэхъуащ къикIуэт ямыIэу, абы щыгъуэми фэбжь хамыхыу скейтпаркыр къагъэIэрыхуэну. «Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэблэ узыншэ, къарууфIэ, губзыгъэ хуейщ. Фэрщ дыщIэпсэур, дыщIэлажьэр», - жиIащ абы.

ФщIэн папщIэ: скейтпаркым къэкIуэнухэм абдеж къыщратынущ я щхьэмрэ я пкъымрэ зыхъумэну Iэмэпсымэхэр, апхуэдэуи къакIэлъыплъыну дохутыри щыIэнущ.

ЗэрыжаIэщи, спортыр узыншагъэщ - хьет жевгъэIэ щIалэгъуалэм!

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **ТОЛГУРОВ Камал** трихащ.

■ ЗэIущIэхэр ■ Щэнхабзэ
КЪЭБЭРДЕЙ
■ Футбол ■ Малъхъэдис

## Экзаменхэр къызэрыIах щIыкIэр тэмэму зэтегъэувэным тепсэлъыхьащ

**КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ КIуэкIуэ Юрий Москва щыхуэзащ Урысейм егъэджэныгъэм и IэнатIэм щыкIэлъыплъынымкIэ и федеральнэ агентствэм и унафэщI Кравцов Сергей. Ахэр тепсэлъыхьащ къэрал экзамен зэгуэтхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2014 гъэм къыщеIыхыным зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар егъэкIуэкIынымрэ пыщIа Iуэхухэм.**

ХЭХАУЭ къагъэлъэгъуащ хьэрэмыгъэ хэмылъу экзаменхэр екIуэкIын папщIэ жылагъуэ кIэлъыплъыныгъэр къызэрызэгъэпэщыпхъэр, школхэр къэзыух псоми экзаменхэр тынымкIэ зэхуэдэ Iэмалхэр етыныр.

КIуэкIуэ Ю. А., Кравцов С. С. сымэ жаIащ къэрал экзамен зэгуэтхэр къызэрыIах системэр нэхъ зэIухауэ зэтегъэувэным, зэрыщыту егъэджэныгъэм и фIагъымрэ егъэджакIуэхэр зэрагъэхьэзырымрэ къэIэтыным и телъхьэу зэрыщытыр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэм зэрыдэлажьэм зеубгъу

**КIуэкIуэ Юрий лэжьыгъэ IуэхукIэ Москва щригъэкIуэкIа зэIущIэхэм хиубыдэу Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ къэрал университетым и ректор Садовничий Виктор хуэзащ.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ IэщIагъэ нэс зиIэ лэжьакIуэхэр гъэхьэзырыным, республикэм щIэныгъэм и лъэныкъуэкIэ бгъэдэлъ зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Москва дэт къэрал университетымрэ я зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным.

КъБР-м и Iэтащхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэм Садовничий Виктор фIыщIэ хуищIащ республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щегъэфIэкIуэным гулъытэ зэрыхуищIым икIи лъэныкъуитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным и телъхьэу зэрыщытым папщIэ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# Республикэм и пщIэр къэIэтыным толажьэ

**Тхьэмахуэ кIуам Налшык щекIуэкIащ КъБР-м и жылагъуэ, политикэ, щIэныгъэ лэжьакIуэхэу зи мурадхэр зэтехуэхэр, апхуэдэу политологием, социологием, конфликтологием я лъэныкъуэкIэ эксперт нэхъ цIэрыIуэу къэралым щыIэхэр зыхэт «Iуащхьэмахуэ» эксперт клубым и зи чэзу зэIущIэ.**

А МАХУЭМ клубым и хьэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Битокъу Владимир, иджырей кавказ политикэмкIэ центрым и унафэщI Сопов Игорь, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Дроздов Игорь сымэ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ 2014 гъэм клубыр зытелэжьэну Iуэхухэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал информацэ политикэм хиубыдэ жылагъуэ-политикэ Iуэху нэхъыщхьэхэм. Апхуэдэу клубым хэтхэм зэпкърахащ республикэм и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ щIыналъэм щыIэ социально-политикэ щытыкIэмрэ.

# Ленинград зэрихьа лIыхъужьыгъэр ящыгъупщакъым

**Ленинград бийм и къэухъуреихьыныгъэм къызэрырагъэкIыжрэ илъэс 70 зэрырикъур гъэлъэпIэным хиубыдэу Санкт-Петербург и Красногвардейскэ районым мэлыжьыхьым и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я тыгъэу жыгей аллее щыхасэнущ.**

А ЛЭЖЬЫГЪЭМ хэтынущ КъБР-м и делегацэу республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Дроздов Игорь зи пашэр, властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэхэр.

ЩIыналъитIым яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным хуэгъэзауэ а махуэ дыдэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ. Ди республикэм и артист цIэрыIуэхэр зыхэтыну концертым къекIуэлIэнухэм апхуэдэу зрагъэлъагъуфынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэр зыхуэдэр.

**ДЖЭДГЪЭФ Маринэ.**

● ФIыщIэ

# Ди къэфакIуэхэм я зэфIэкIыр къалъытэу

Сочэ щекIуэкIа XXII ЩIымахуэ Олимп Джэгухэмрэ XI Паралимп ЩIымахуэ Джэгухэмрэ я къызэгъэпэщакIуэ комитетым къыбгъэдэкI тхыгъэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къыIэрыхьащ. Абы итщ:

«ЩIымахуэ Олимп Джэгухэм я щэнхабзэ программэр къызэгъэпэщыным, ар гъэлъэгъуэным жыджэру фызэрыхэтам, Урысейм къафэ гъуазджэм щигъуэта зыужьыныгъэм дуней псор зэрыхэвгъэгъуэзам папщIэ фIыщIэ фхудощI. Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я творческэ гупхэм щыщу Iэзагъ ин, утыку итыкIэ екIу, Урысей щэнхабзэм бгъэдэлъ фIыгъуэхэр зыгъэлъэгъуахэм я зэфIэкIыр гъуэзэджэщ. ЩIыналъэхэм къикIа гупхэм фIы дыдэу зэрызыкъагъэлъэгъуар Джэгухэм я щэнхабзэ программэм и курых хъуащ».

«Кабардинка» Къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым къыхуагъэхьа фIыщIэ тхылъым и Iэ щIэлъщ «Сочэ-2014» къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI Чернышенкэ Д. Н.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● Мэлыжьыхьым и 12-р Космонавтикэм и махуэщ

# Хьэршым удэзышей гъуэгу

Тхыдэм нэхъапэм къыщымыхъуа Iуэхушхуэ дыдэхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ XX лIэщIыгъуэр. Къэбгъэлъэгъуэну ирикъунщ дуней псор зыгъэзэджызджа Октябрь революцэ иныр зэрекIуэкIар, къэралхэм я зэгурыIуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэранкIэ Япэ, ЕтIуанэ дунейпсо зауэхэр зэрыщыIар. Арщхьэкlэ дунейм зэрытетрэ цIыхубэм и зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м яча лъэбакъуэр и мыхьэнэкIэ абыхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ инщ. Мыбдеж щыщIидзащ цIыхубэм я зыужьыныгъэм и лъэхъэнэщIэм.

ЩIыхур сыт щыгъуи щIэхъуэпсырт уэгум. Ар абы лъэIэсащ кхъухьлъатэхэр къагупсыса нэужь. АрщхьэкIэ адэкIэ щыIэр-щэ?

Ар къахуэщIэртэкъым, ауэ къахутэным сыт щыгъуи яужь итт. Хьэршыр я плъапIэт къэрал зызыужьа псоми. АрщхьэкIэ абы лъэIэсыну нэхъ къэзыгъэгугъэр а зэманым къэрал абрагъуэхэу щыта СССР-мрэ США-мрэт. Ахэр хуабжьу зэпеуэрт уэгу жыжьэр къэгъэIурыщIэн и лъэныкъуэкIэ. 1957 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м ЩIым и япэ IэрыщI спутникыр игъэлъатэри, бжьыпэр иубыдащ СССР-м. ИтIанэ егупсыс хъуащ псэ зыIутхэри хьэршым ягъэлъэтэныр зэрахузэфIэкIынуми. Пэжщ, ар зэуэ къайхъулIакъым. 1957 гъэм япэу хьэршым драгъэкIуея Лайкэ хьэр псэууэ къелакъым. Ауэ 1960 гъэм «Восток» кхъухьыщIэм ису яутIыпща Белкэрэ Стрелкэрэ лажьэншэу къагъэзэжащ. Абы иужькIэ конструктор нэхъыщхьэ Королев Сергей шэч къытрихьэжакъым цIыхуми апхуэдэ дыдэу хьэршыр зэрызригъэлъагъуфынум.



ИкIи а зэманыр къэсащ. 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м Байконур космодромым щагъэлъэтащ дунейм щыяпэ космонавт Гагарин Юрий зэрыс «Восток»-р. Зы сыхьэтым щIигъукIэ ЩIыр хъурейуэ къилъэтыхьри, ар къэтIысыжащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ ди хэкуэгъу щIалэм хьэршым и гъуэгур пхишащ. Абы и щапхъэм ирикIуащ ди къэралми, США-ми, иужькIэ нэгъуэщIхэми я космонавт, астронавт куэд.

Нэхъыщхьэращи, дуней псом нэхъ гулъытэшхуэ щыхуащI хъуащ хьэршыр къагъэIурыщIэным. Мы зэманым куэдым я дежкIэ, уеблэмэ, щIэщыгъуэжкъым космонавтхэр зэпымыууэ уэгу жыжьэм зэрыщылажьэр, Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэм хухаха ракетэхэр махуэ къэс зэрагъэлъатэр. Хэбгъэзыхьмэ, Урысейми США-ми зыщыхуагъэхьэзыр Марсым цIыхухэр ягъэлъэтэным. Шэч хэлъкъым, зэман дэкIмэ, ар абыхэм къазэрехъулIэнум. Мыбдежым псом нэхърэ щынэхъыфIт зэзэмызэ (иджыпсту хуэдэу) яку къыдэхъуэ зэгурымыIуэныгъэхэр къагъанэрэ ахэр мы Iуэхум щызэкъуэувамэ. Дыщыгугъынщ абыи.

А псори дигу къэзыгъэкIыжар нобэ дгъэлъапIэ махуэшхуэрщ. ГъащIэр и пIэ иткъым, ар зэпымыууэ ипэкIэ мэкIуатэ. Ауэ ди къэралымрэ Гагарин Юрийрэ 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м дунейм ирагъэлъэгъуа ехъулIэныгъэр тхыдэм зэи хэгъуэщэжынукъым.

**ШАЛ Мухьэмэд.**

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 12, *щэбэт***

♦**Авиацэмрэ космонавтикэмрэ я дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткIэ 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ ягъэлъапIэ.

♦1961 гъэм Гагарин Юрий «Восток» кхъухьым ису дунейм щыяпэу хьэршым лъэтащ.

♦Зи цIыху бжыгъэр мащIэ дыдэ лъэпкъхэу Ищхъэрэ щIыналъэм хыхьэ Ханты-Мансийскэ автономнэ округым щыпсэухэм я махуэщ.

♦1919 гъэм Москва-Сортировочная мафIэгу щытыпIэм щекIуэкIащ япэ гъатхэ щэбэт щIыхьэхур.

♦1949 гъэм Ломоносовым и цIэр зезыхьэ Москва къэрал университетым къат 26-рэ хъу и унэм и лъабжьэр ягъэтIылъауэ щытащ.

♦Мэлыжьыхьым и 12 - 15-хэм Париж щызэхэтынущ ЮНЕСКО-м и ГъэзэщIакIуэ советым и сессиер.

♦КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIумыхъу Жылэбий** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ **Къущхьэунэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 11, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 13, *тхьэмахуэ***

♦**Уэгум зыщыхъумэжыным пыщIа дзэхэм я махуэщ**

♦1517 гъэм Каир щхьэпылъэ щащIащ мамлюкыдзэм и дзэпщ ин Ал-Ашраф Тумэн-бей.

♦1895 гъэм Къэрал Урыс музейр къызэIуахащ.

♦1944 гъэм советыдзэхэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ Симферополь, Феодосие къалэхэр.

♦Македонием президент щыхах.

♦Адыгэ узэщIакIуэ, еджагъэшхуэ **ГъукIэмыхъу Iэбубэчыр** къызэралъхурэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Урысей къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Iэтащхьэ **Мамсуров Таймураз** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 9 - 15, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 14, *блыщхьэ***

♦Куржым щагъэлъапIэ я анэдэлъхубзэм и махуэр.

♦1912 гъэм «Титаник» кхъухь абрагъуэр Атлантикэ хым щыщIилъэфащ.

♦1945 гъэм Москва къыщызэIуахащ СССР-м и АН-м и Ботаникэ хадэ нэхъыщхьэр.

♦1956 гъэм Видеомагнитофон дунейм япэу щащIащ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Безрокъуэ Олег** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Тау Ибрэхьым** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 10 - 11 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.**



**● Съездхэр**

# ЩытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ

**Къуажэ депутатхэм я съезду Волгоград къалэм щекIуэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр хэтащ. Къэралым и дэнэ щIыпIи щыщу цIыху минитIым щIигъу зэхуэзышэса зэIущIэм жылагъуэхэр нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр щагъэнэIуащ, ахэр зэфIэхынымкIэ лэжьыпхъэхэр щагъэбелджылащ.**

ДИ республикэм и лIыкIуэхэм я унафэщIхэу абы щыIащ «Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и секретарь, КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм и къуэдзэ Бозий Натбийрэ а партым и щIыналъэ гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Канунниковэ Татьянэрэ.

Япэ махуэм ахэр хэтащ «АПК-м зегъэужьыныр къэралым и ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэмрэ къуажэм псэукIэр щегъэфIэкIуэнымрэ я хэкIыпIэщ» зыфIаща Iуэхугъуэм. КъыкIэлъыкIуэ махуэм «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэмрэ и Генеральнэ Советымрэ я зэIущIэ зыубгъуа зэхашащ. Абы къыщыпсэлъащ УФ-м и Премьер-министр, «Урысей зэкъуэт» партым и УнафэщI Медведев Дмитрий.

«Дэ дызэхуэсащ «Урысей зэкъуэт» партым бгъэдэлъ зэфIэкIыр къэтлъытэу, мэкъумэшым и IэнатIэхэм зэрызаужь щIыкIэр зэпкърытхыну. Абы и лъэныкъуэкIэ ди партым щыщхэм жэуаплыныгъэ хэха я пщэ дохуэ. Сыту жыпIэмэ «Урысей зэкъуэт» партым хэтхэм ящыщу плIы къэс зыр къуажэм щопсэу. Экономикэр щытыкIэ гугъум итщ. Ар щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхокI, языныкъуэхэм деж проект щхьэхуэхэмрэ абыхэм яхухэтх мылъкумрэ дымыгъэмащIэу хъуркъым. Ауэ сэ къызбгъэдэкIыу мыр зэхэфхыну сыхуейт: зы мэкъумэш программи деIусэнукъым - аращ си унафэр», - захуигъэзащ Медведев Дмитрий съездым хэтхэм.

УФ-м и Правительствэм и Iэтащхьэр къуажэм нэхъыщхьэу щызэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхугъуэ псоми къытеувыIащ. Апхуэдэщ къэралым и ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, узыншагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмрэ я IэнатIэхэм зегъэужьыным, цIыхухэм лэжьыгъэ къахуэгъуэтыным, гъуэгу, транспорт инфраструктурэр егъэфIэкIуэным, къуажэдэсхэм я псэукIэр къэIэтынымрэ мэкъумэшхэкIыу кърахьэлIэм хэгъэхъуэнымрэ теухуахэр.

Медведев Дмитрий къызэрыхигъэщамкIэ, съездым и япэ махуэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, Iуэхугъуэ 30-м щIигъу ягъэхьэзыращ. Ахэр яджынущ икIи къагъэсэбэпынущ.

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэмрэ и Генеральнэ Советымрэ зэгъусэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэм и унафэм и проектымрэ къуажэ депутатхэм я съездым и унафэм и проектымрэ къащтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм къыхагъэщащ съездым къыщыхалъхьа Iуэхугъуэхэр къэралым и къуажэхэм щытыкIэр щегъэфIэкIуэным сэбэпышхуэ зэрыхуэхъунур.

**АРУАН Алий**.

**●Фашист гъэрыпIэхэм къикIыжахэм я дунейпсо махуэ**

# ЦIыхуцIэ зиIэм илъэгъуащ дерс хуэхъун

**1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и мафIэ лыгъэм пхыкIа къэралхэм мэлыжьыхьым и 11-м ягъэлъапIэ фашист гъэрыпIэхэм къикIыжахэм я дунейпсо махуэр. 1945 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м, Совет армэр гъунэгъу къызэрыхъур къащIэу, Бухенвальд концлагерым гъэру исахэм зыкъыщаIэта махуэм и фэеплъу ар ООН-м иубзыхуащ.**

АМАХУЭМ ягу къагъэкIыж фашист гъэрыпIэхэм илIыхьахэр, абыхэм яхэтт балигъ мыхъуа куэди. Ар Хэку зауэшхуэм и напэкIуэцI гуузщ.

Зэзауэ къэралхэм сабийхэм гущIэгъу хуащIын зэрыхуейм теухуауэ 1907 гъэм Гаагэ щызэраухылIа Конвенцэм ебэкъуащ нацистхэр. Гитлер и идеологие шынагъуэм текIуэдащ сабий псэ хейхэр. Абыхэм лэжьыгъэ хьэлъэхэр щрагъащIэрт гъэрыпIэхэм, дзэм хуэлажьэ заводхэм, мэкъумэш IуэхущIапIэхэм. Я узыншагъи я гъащIи абы текIуадэрт.

Ди хэкуэгъу минищэхэр Европэ псом щикъухьа концлагерь, лъэхъуэщ мин 14-м щаIыгъащ. Гузэвэгъуэм и инагъым щыхьэт тохъуэ бжыгъэ шынагъуэхэр: Урысейм и закъуэ фашистхэм щаукIащ, щагъэсащ, газым щрагъэтхьэлащ, щыпалъащ цIыху мелуан 1,7-рэ. Абы щыщу мин 600-р сабийт. Фашист гъэрыпIэхэм совет цIыхуу мелуани 5-м нэблагъэ илIыхьащ.

Концлагерхэм гъэру щаIыгъахэм ягъэва гузэвэгъуэр нэсу тхузыхэщIэнукъым. Абыхэм бэшэчагъ зыхалъхьэу псэзэпылъхьэпIэм къикIыфа къудейм къыщымынэу, гъащIэр я фIэщ ящIыжри, псэуни щIадзэжащ. Дуней псом зэхрагъэхыну, къыгурагъэIуэну хэтт апхуэдэ гузэвэгъуэм къытригъэзэж зэрымыхъунур.

Зауэр зи нэгу щIэкIахэм зэрыжаIэжымкIэ, гъэрыпIэхэм исахэм ящыщ куэд хуит къыщыхъужат къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ. Американхэм абыхэм къыхуахьырт тхъуцIынэ, щIакхъуэ хужь икIи къелъэIухэрт къэнэну, куэдкIэ бей Америкэм, лэжьакIуэIэ хуэныкъуэм, Iэпхъуэнхэу. Ауэ, ахэр вагон зэхэкъутахэм къитIысхьэхэрти, Хэкум ухуэзышэ гъуэгум къытеувэжхэрт, къуажэ, къалэ ягъэсахэм я псэр къахьэсыжырти, щIыунэхэм щыпсэухэрт, бийхэм зэтракъутар яухуэжырт. Лагерхэм зэриса къудейр хуамыдэу, «Хэкум епцIыжа» цIэр фIащу НКВД-м и гъэрыпIэм ирадзахэри мащIэкъым. Абы щыгъуэми, абыхэм губжьыр зытрагъэкIуакъым.

Уегъэгузавэ иужьрей илъэсхэм къэрал куэд зэрызехьэ, цIыхухэр зэмызэгъыж зэрыхъум. Нобэ ди гум уIэгъэщIэу телъщ Украинэм щекIуэкI хьэлэбэлыкъыр.

Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, Украинэм и президент Ющенкэ националистхэм я къару фIыцIэм гъуэгу иритауэ щытащ. Украинэм и националистхэм я зэгухьэныгъэм хэта зауэлIхэм лIыгъэ зэрахьауэ игъэуври, фэеплъхэри яхуригъэщIыжат. 2006 гъэм абы Iэ щIидзащ бандеровецхэмрэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ зэхуэзыгъадэ унафэм. АтIэми, тхыдэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, фашист гъэрыпIэхэм я хъумакIуэхэм куэду яхэтащ ОУН-УПА-м и зауэлIхэр. Абыхэм яукIащ украин, поляк, журт мелуанищым нэс.

Нюрнберг щекIуэкIа дунейпсо хеящIапIэм зэригъэувымкIэ, цIыху мамырхэр гъэрыпIэхэм щыIыгъыныр, залымыгъэкIэ зыхуэгъэлэжьэныр Германием зэрихьа лей къудейкъым, ар цIыхуцIэ зиIэм яхуэгъэза щIэпхъаджагъэщ.

Мы махуэм дэ иджыри зэ Iэмал къыдет блэкIам дерс къыхэтхыну, нацизмэм и щхьэр къемыгъэIэтыным теухуауэ дызэкъуэувэну, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр мамырыгъэм и телъхьэхэм я текIуэныгъэкIэ иухыным ди цIыхухэм я къаруузэ халъхьам дегупсысыну.

**САЕНКЭ Татьянэ**,
*КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ.*

**● КъБР-м и прокуратурэм**

# ЩIыхуэхэр зытрагъэкIыж

**Шэджэм районым и прокуратурэм щызэхалъхьэжащ федеральнэ законодательствэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыным хуэунэтIауэ нэгъабэ зэфIагъэкIахэр.**

АЗЭМАНЫМ къриубыдэу улахуэмкIэ хабзэм зэрытетыр 15-рэ къапщытати, ныкъусаныгъэ 583-рэ къыщIагъэщащ, IуэхущIапIиблым абыкIэ щIыхуэу сом мелуан 17,5-м нэблагъэ щызэтрихьауэ къахутащ.

Апхуэдэу илъэс 14-м къыщыщIэдзауэ 18-м нэс зи ныбжьхэм пIалъэкIэ лэжьыгъэ къахудэхыным теухуауэ щIыпIэм цIыхухэм IэнатIэ къахуэзылъыхъуэ и центрым зэгурыIуэныгъэхэр езыщIылIа Шэджэм къалэм и курыт еджапIэ №2-м, Хъущтэ-Сырт дэт школым, Нартан къуажэм щыIэ еджапIэ-интернат №5-м я унафэщIхэм балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэмрэ хабзэкIэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ къызэпаудауэ къыщIэкIащ. Нэгъабэ и гъатхэпэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ, зи гугъу тщIы школхэм къатехуа щIыхуэр къанэ щымыIэу зытрагъэкIыжащ. ХьэцIыкIум и цIэр зезыхьэ район сымаджэщым и медицинэ лэжьакIуэхэм 2012 гъэм и дыгъэгъазэм щамыту къэна сом мелуаным нэблагъэри апхуэдэ щIыкIэкIэ ирагъэпшыныжащ.

Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и IэщIагъэлIхэр хэту, «ЛВТ фирмэ» ООО-м зэпеуэмкIэ и управляющэмрэ «Дизель автоцентр» ООО-мрэ я IуэхущIафэр Шэджэм районым и прокуратурэм щэнейрэ къипщытащ. КъызэрахутамкIэ, щIыхуэ зытель «ЛВТ фирмэ»-м шэсыпIэу имыгъэлъэгъуа мылъкум теухуа хъыбархэр къытрыригъадзэри, банкроту къызэралъытэ хабзэм тету, зэIухауэ ищащ. КъыпэкIуам щыщу сом мин 475-рэ 282-р зи щIыхуэ телъхэм яритыжащ. КъыкIэлъыкIуэу, прокурорхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ, и лэжьакIуэхэм я улахуэу сом мелуаниплIым щIигъу, «Дизель автоцентр» ООО-м ейуэ сом мин 520-м нэблагъэ ирагъэпшыныжащ.

УлахуэмкIэ хабзэр къызэрызэпаудам къыхэкIыу, следствэмкIэ IэнатIэхэм зы тхылъ ягъэхьащ, яхуэзымыдэ тхыгъэу 15 ягъэхьэзыращ, къулыкъущIибл дисциплинэ жэуапым ирашэлIащ. ЦIыхухэм я сэбэп зыхэлъхэр яхъумэу, лэжьапщIэмкIэ щIыхуэу сом мин 628-рэ къуаншэхэм ирагъэпшыныжын папщIэ, иск тхылъу 267-рэ судхэм иратати, прокурорым къигъэувхэр зэрагъэзэкIуэжар къалъытэри, Iуэхур къызэтрагъэувыIэжащ. Апхуэдэу, прокурорым и унафэкIэ, цIыхуиплIым административнэ жэуап ирагъэхьащ.

*КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

**● АПК**

# Губгъуэ лэжьыгъэхэм хуэхьэзырщ

**Май районым щызэхэт «Ленинцы» СХПК-м и мэкъумэшыщIэхэр гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзырщ.**

ДЭТХЭНЭ зы губгъуэ лэжьыгъэмкIи псом я щхьэр мэкъумэш техникэр къанэ щымыIэу зэфIыхьауэ гъэ техьэнырщ. Нобэ мы предприятэм егъэщIылIащ техникэ зэмылIэужьыгъуэу 172-м нэс. Комбайн, жыласэ машинэ, трактор, экскаватор жыпIэми - сом мелуани 151,2-рэ и уасэ яIэщ. Абыхэм ящыщу 2013 гъэм и закъуэ къащэхуам мелуан 20-м щIигъу щIатащ. Апхуэдэу мелуан 12,5-рэ трагъэкIуэдащ техникэм пкъралъхьэ пкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэми.

Гъатхасэмрэ бжьыхьэсэмрэ мы илъэсым къызэрырахьэлIэну техникэр мэкъумэш IэнатIэ, бригадэ къэс къыщапщытащ икIи сэкъат зиIэхэр зэман кIэщIым кърибыдэу ремонт ящIащ.

Дагъэгъэсыныпхъэ и лъэныкъуэкIи хозяйствэм и Iуэху Iейкъым. Илъэс блэкIам гъатхэ, бжьыхьэ губгъуэ лэжьыгъэхэр и пIалъэм фIэмыкIыу кърахьэлIэн папщIэ сом мелуан 20,5-рэ и уасэ къащэхуамэ, дызытехьа гъэм сом мелуан 16,7-рэ и уасэ зэрагъэпэщыну хунэсащ. Абы иджыри къызэрыхащэхуэнур гурыIуэгъуэщ.

«Ленинцы» СХПК-р техникэмрэ зыхуей-зыхуэфIхэмрэ иджырей мардэхэм тету къызэригъэсэбэпыным хущIокъу. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм Iэмал къарет мы зэманым яIэ технопаркым нэхъри зрагъэубгъуну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ**.

**● Псы Iуэхухэр**

# Псоми ди зэхуэдэ къалэн

**ЩIымахуэ кIуар егъэлеяуэ мыткIиями, «Налшык къалэм и псы бжьамийхэр» унафэщI компание» муниципальнэ IуэхущIапIэ зэхэтым и IэщIагъэлIхэр бэлэрыгъакъым.**

Гъэ къэси хуэдэу, а лъэхъэнэм егугъуу зэрызыхуагъэхьэзырам и фIыгъэкIэ, я къалэнхэм хъарзыну пэлъэщащ, зэгъэбыдылIа щIыпIэхэм лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Нэхъыбэу уаем и зэран зэкIар цIыхухэмрэ IэнатIэхэмрэ ират псыр зрикIуэ бжьамийхэрщ. ЩIымахуэм нэхъ щиткIиигъуэм ахэр щIыпIэ куэдым щызэщIэщтхьащ. Псом хуэмыдэу, Налшык къалэ округым къедза Хьэсэней, Белэ Речкэ, Брамтэ (Вольнэ Аул), Кэнжэ жылагъуэхэм щыукъуэдияхэм зэранышхуэ хуэхъуащ. Арами, ди лэжьакIуэ гупхэм къаруушхуэ ирахьэлIэри, бжьамийхэр пIалъэ кIэщIкIэ «хуит» къащIыжащ, псыр зэблэмыуэ цIыхухэм иратыжащ.

Мы тхыгъэр къэзгъэсэбэпу, лъапсэр зейхэм иджыри зэ ягу къэзгъэкIыжыну сыхуейт ди IуэхущIапIэм и производственно-техникэ къудамэм (ПТО) и проект ямыIэу я пщIантIэм псы дашэну зэрыхуимытыр. Арами, белыпэ зытIущ и кууагъыу датIыкIри, бжьамийр гъэпщкIуауэ далъхьэ. Абы псалъэмакъ мыщхьэпэхэр къешэ, щIегъуэжым и мызакъуэу, иужькIэ езыхэри гугъуехьхэм хигъэтщ. Мыри къыхэдгъэщынут: щIымахуэм и сыт хуэдэ лъэхъэнэми, и нэхъ щабэгъуэми, и нэхъ ткIиигъуэми сантиметр 90-м щегъэжьауэ метррэ сантиметр 30-40-м нэс и кууагъыу щIыр мэщт. Бжьамийхэр щыдалъхьэкIэ ар Iэмал имыIэу къэлъытэн зэрыхуейр ди проектхэм къыщыгъэлъэгъуащ. ЗэрыжаIэщи, фи щхьэм и зэран евмыгъэкIыжу, щыIэ хабзэхэм тету, зыхуэфащэ проектхэр вгъэхьэзырмэ, фи бжьамийхэр пIалъэ кIыхькIэ зекIуэнущ, мылъку лей тевгъэкIуадэу, илъэс къэси фхъуэжынукъым. ИкIэм-икIэжым, ар псоми ди зэхуэдэ къэрал Iуэхущи, 42-65-64 телефонымкIэ фыкъэпсалъэмэ, фызыхуей чэнджэщхэр вгъуэтынущ, проект лIэужьыгъуэ псори тэмэму фхуагъэхьэзырынущ.

**БЕКЪАЛДЫ Анатолэ**,
*«Налшык къалэм и псы бжьамийхэр» унафэщI компание» МУП-м и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт.*



**● Гъэлъэгъуэныгъэхэр**

# Тхылъхэм гулъытэ хуащI

**Москва щекIуэкIащ «Книги России» XVII лъэпкъ гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэр. Абы хэтащ Котляровхэ Викторрэ Мариерэ я IэдакъэщIэкIхэри.**

КАВКАЗЫМ щыпсэу лъэпкъхэм, псом хуэмыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм, ятеухуауэ абыхэм зэхуахьэса тхыдэ, этнографие, лъахэхутэ литературэр выставкэм фIы дыдэу хэзэгъат. Утыку ирахьа тхылъ пщIы бжыгъэхэм яхэтт «Кавказ», «Народы Кавказа», «Родной ландшафт» къыдэкIыгъуэхэм ящыщхэри. ЗэрытщIэщи, абыхэм къызэрымыкIуэу къытхузэIуах дызыщыпсэу щIыналъэм щекIуэкI хабзэхэри, лъэпкъхэм я гупсысэкIэри, псэукIэри. Выставкэм къекIуэлIахэм Котляров Виктор яхутепсэлъыхьащ Кавказыр Урысейм и щэнхабзэм и IыхьэфIу зэрыщытым.

КъыкIэлъыкIуэу щIыналъэхэм я тхылъ тедзапIэхэм я унафэщIхэр Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ федеральнэ IуэхущIапIэм щызэхуэсащ икIи абы и унафэщI Григорьев Владимир IущIащ. Котляров Виктор абы къыщыхилъхьащ Кавказ Ищхъэрэ тхылъ жармыкIэр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну. ЗэрытраухуамкIэ, апхуэдэ выставкэхэр чэзууэ КИФЩI-м и республикэхэм щекIуэкIынущ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлэчыпхъу**.




**● Азау хуей**

# Мэлыжьыхьым ику пщIондэ



**Iуащхьэмахуэ лъапэ и гъатхэ уэсыр бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымрэ дихьэххэм я дежкIэ тыгъэ гъуэзэджэщ. Мы гъэм ар нэхъыбэу къыщесар гъатхэпэм и кIэмрэ мэлыжьыхь мазэмрэщ. Райдерхэм къызэралъытэмкIэ, бгым къыщызыжыхьхэм я дежкIэ мы зэманыр адрейхэм йофIэкI.**

IУАЩХЬЭМАХУЭ и лъабжьэм аргуэру уэс къыщос. Хуабэр градуси 4-6-м носри, къэзыжыхьхэм дэрэжэгъуэ ярет.

- Лъэхъэнэм пищэми, мыгувэу дежьэжыну зыдогъэхьэзыр, арщхьэкIэ дыкIуэжыну, Iуащхьэмахуэ дехыжыну дыхуейтэкъым. Иужьрей илъэситхум къриубыдэу мы зэманыр нэхъыфI дыдэщ, - жеIэ Киржач къалэм щыщ Аксенинкэ Дмитрий.

Къызэрыхалъхьауэ щытам хуэдэу, «Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и кIапсэ гъуэгухэм узэрыщызекIуэну абонементым и уасэр иджыри процент 30-кIэ ягъэмащIэ.

Синоптикхэм къызэралъытэмкIэ, мэлыжьыхьым ику пщIондэ Iуащхьэмахуэ лъапэ уэс къыщесынущ.

*«Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и пресс-IуэхущIапIэ.*



**● Банк Iуэхухэр**

# Илъэс 30-кIэ япшыныж хъуну

**Ипотекэ кредитым и тхылъхэр щагъэхьэзыркIэ я зэманым къыдагъэхуэну хуейуэ япэу зыкъытхуэзыгъазэхэм Iэмал хъарзынэ яIэщ. Иджы абыхэм къатынур тхылъитI къудейщ: УФ-м зэрыщыщымкIэ паспортымрэ зихэтым щыхьэт техъуэмрэ (псалъэм папщIэ, автомашинэр зэрызэригъакIуэр, дзэ Iуэхум пыщIар (билетыр), нэгъуэщIхэр).**

КЪЭГЪЭЛЪЭГЪУАПХЪЭЩ, яухуэхэри хэту, псэупIэ къэзыщэхунухэм щIыхуэ нэхъыбэ зэрыхухах щIыкIэми а хабзэхэр зэрехьэлIар. КъищынэмыщIауэ, ХъумапIэ банкым щаIэ счетымкIэ улахуэр къеIызыххэм льготэхэри къагъэсэбэп: кредит къызэращтэну заявкэхэр ятын щхьэкIэ зыхуейр УФ-м зэрыщыщымкIэ паспортымрэ анкетэ хьэзырымрэщ.

Хуагъэлъагъуэ IэмалымкIэ щIыхуэ къэзыщтэм и IэнатIэр зыхуэдэмрэ и хэхъуэм и къыхэкIыпIэмрэ я щыхьэт тхылъхэм щIэупщIэркъым. Кредитыр илъэс 30-м нэскIэ ират, псэупIэм хуэзэм и процент 40-р нэхъ мащIэ дыдэу халъхьэ пэщIэдзэ взносщ.

- Ипотекэ щIыхуэхэр цIыхухэм зэрахухэтх щIыкIэр зэпымыуэ идогъэфIакIуэ. ЕфIэкIыныгъэ зиIэ мы Iуэхугъуэри абыхэм ящыщ зыщ. Псалъэм папщIэ, псэупIэ къэзыщэхунухэм кредит къащтэн щхьэкIэ, махуэ къэс яIыгъ тхылъхэмкIэ заявкэхэр къыдат хъунущ, - къыхигъэщащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и Къэбэрдей-Балъкъэр IуэхущIапIэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий.

**БАГЪЭТЫР Анзор**.



**● ЩIэ**

# Къалэмыр къэзыщтэхэр

**ЦIыхум и гупсысэ къиIуэтэф, итхыф зэрыхъурэ зэман мащIэкъым дэкIар. Псалъэм и мыхьэнэмрэ абыкIэ дуней псор зэлъэщIысынымрэ ар елэжь зэпытурэ къэгъуэгурыкIуащ, абы кърикIуари нобэм нэрылъагъущ - щIэныгъэрэ Iущыгъэрэ я лъэныкъуэкIэ лъэпкъхэм фIыуэ заужьащ.**

ШЭЧ хэлъкъым а Iуэхум хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэр IэнатIэ нэхъ гугъухэм щыщ журналистикэр зи лэжьыгъэр зэрыарам. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым куэд щIакъым а IэщIагъэм хэхауэ щыхурагъаджэ зэрыхъурэ, апхуэдэу щытми, фIыуэ узэIэбэкIыжрэ щIыналъэм къыщыдэкIыу щыта газетхэмрэ журналхэмрэ къызэбгъэдзэкIыжмэ, акъылрэ гупсысэ куурэ зыхэлъ, гъэхуауэ тха куэдым укъыщеджэнущ. Журналистикэм нэхъыбэ дегъэхьэхыным, а IэщIагъэм ехьэлIа щэхухэр щIалэгъуалэм ирагъэщIэным теухуауэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм къызэIуихащ «Акула пера» школыр.

Абы и унафэщIщ социологие щIэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист БжэныкIэ Мухьэб. Школым щеджэну щIалэгъуалэ 15 къыхашащ икIи япэ дерсыр иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ. Республикэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэзыхьэ Борис, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ Аттаев Жэмал, журналистикэм и ветеран Баскаев Арнольд, БжэныкIэ Мухьэб сымэ а махуэм тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм зэрызыщебгъэужь хъунумрэ абыхэм яхэлъ ныкъусаныгъэхэмрэ.

- Журналистыр зи гупсысэр къэзыгъэлъагъуэ къудейркъым, атIэ ар адрей IэщIагъэхэми хуэдэу, тхэнымкIэ зэчий зыбгъэдэлъырщ. Хъыбар кIэщIхэр пхъэбгъухэм тету къалэм къыщыфIадзэу щыщыта зэманым, Цезарь и лъэхъэнэм, къыщыщIедзэ журналистикэм. АтIэ сыт апхуэдизу журналистикэм мыхьэнэ щIыщиIэр дунейм?! Дауи, ар къэунэхуащ цIыхухэр я хъыбархэмкIэ зэхъуэжэн хуейти, - жиIащ Аттаев Жэмал. - Урысейм журналистикэм 1700 гъэхэм зиужьын щыщIидзащ, абы лъандэри журналист Iэзэ куэд къытхэкIащ. Журналистикэм ухэзэгъэн щхьэкIэ, куэд уеджэн, уигурэ уи псэрэ абы етауэ щытын хуейщ.

Аттаев Жэмал къыхигъэщащ газетхэм, журналхэм щылажьэ дэтхэнэми и Iуэху еплъыкIэр гъэхуауэ къиIуэтэфу зэрыщытыпхъэр. Апхуэдэуи абы жиIащ мы зэманым газетхэр критикэ зэрыхуэныкъуэр, псалъэ тафэтелэр абыхэм нэхъыбэ зэрыщыхъуар. «Фельетонхэр, очеркыфIхэр, репортажхэр, газетым нэгъуэщI и жанр куэди лъэныкъуэ еза мыхъун щхьэкIэ, щIалэгъуалэм дэлэжьэну школыр сэбэп хъуну къысщохъу, фефIэкIуэну си гуапэщ», - дыщIигъужащ Аттаевым и псалъэм.

«Журналист ущыхъунур псалъэр зыхэпщIэу, ар лъэныкъуэ куэдкIэ зэхэбухуэнэфу щытмэщ. Бзэр ар псыкъуий щIэншэм хуэдэщ, упсэухукIэ къэпхутэну урикъунщ. АбыкIэ литературэбзэрщ щIэгъэкъуэн пхуэхъунур», - жиIащ Мэзыхьэ Борис.

Журналист ныбжьыщIэхэр мазищкIэ щеджэнущ «Акула пера» школым. Ахэр IуагъэщIэнущ радиом, телевиденэм, гъуазджэм я лэжьакIуэ пажэхэм, хагъэгъуэзэнущ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ**.

**● КъБР-м и Пенсэ фондым**

# Нэхъ мащIэ дыдэу республикэм сом 5865-рэ щохъу

**Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ мылажьэ пенсионер 32422-м я пенсэм федеральнэ социальнэ ахъшэ хущIагъу. Ар тращIыхь я хэхъуэр зыхуэдизымрэ псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу республикэм щыхуагъэувар зэрыхъумрэ.**

КъБР-м и Пенсэ фондым фигу къегъэкIыж: псэун папщIэ пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу хуагъэувам нагъэсын щхьэкIэ федеральнэ социальнэ ахъшэ зыхущIагъур, социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм хуэзэри хэту, мазэ къэс ят ахъшэр, Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм хабзэкIэ къыщащта нэгъуэщI социальнэ дэIэпыкъуныгъэхэр (ЖКУ-м я пщIэм мазэ къэс пагъакIуэ ахъшэр, телефоныпщIэр, пщIэншэу, льготэкIэ зэрызекIуэр) псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу республикэм щагъэувам нэмыс зрат мылажьэ пенсионерхэрщ.

Пенсэхэм социальнэ ахъшэ зэрыдыщIагъур мылажьэ пенсионерхэм мылъкукIэ зэрызыщIагъакъуэ щIыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ хэкIыпIэщ.

«Къэрал социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и IуэхукIэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ, 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым пенсионерым нэхъ мащIэ дыдэу сом 5865-рэ щыхуагъэуващ.

*УФ-м и Пенсэ фондым и щIыналъэ къудамэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



● ЗэIущIэхэр

# ЩIэныгъэр Iуэхуу щыIэм я нэхъыщхьэщ

**ЩIэблэр щIэныгъэкIэ зэпебгъэуэныр абы я зэхэщIыкIым зебгъэужьынымкIэ IэмалыфIщ. Аращ «Республикэм и акъыл жанхэр» республикэпсо зэпеуэр щIызэхаублар. УрысыбзэмкIэ, тхыдэмкIэ, математикэмкIэ, гъащIэхэгъэгъуазэмкIэ (обществознание) зэпеуащ республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ я школ 53-м я 9-нэ, 10-нэ, 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщIэ 753-рэ. Ахэр ягъэхьэзыращ егъэджакIуэ 246-м.**



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

КООПЕРАЦЭМКIЭ, правэмрэ экономикэмкIэ Белгород дэт университетым и къудамэу Налшык щыIэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм щIэгъэкъуэн хуэхъуащ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэр. Зэпеуэм и мурад нэхъыщхьэр школакIуэхэр еджэным нэхъри дегъэхьэхынырт, зи лэжьыгъэм гуащIэшхуэ хэзылъхьэ егъэджакIуэхэм гулъытэ яхуэщIынырт, школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнырт.

Зи гугъу тщIы зэхьэзэхуэм щытекIуахэр иджыблагъэ щагъэлъэпIа пшыхьым кърихьэлIащ зэпеуэм щытекIуахэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэмрэ, Iуэхум и къызэгъэпэщакIуэхэр, школ унафэщIхэр, ЕгъэджэныгъэмкIэ управленэхэм я лIыкIуэхэр. ГуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ КооперацэмкIэ, экономикэмрэ правэмкIэ Белгород университетым Налшык щиIэ къудамэм и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор **Щоджэн Ахьмэд**, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм сабий садхэмрэ школхэмрэ щекIуэкI егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI, филологие щIэныгъэхэм я кандидат **Темрокъуэ Иринэ**, ЩIДАА-мрэ РАЕН-мрэ я академик, педагогикэ щIэныгъэхэм я кандидат **Бетыгъуэн Iэуес**, Сату Iуэхум и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и республикэ комитетым и унафэщI **Бекъалды Маритэ**, «Налшык хьэлвэ завод» ОАО-м и унафэщI, КъБР-м мэкъумэш IуэхухэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къудалы Мухьэмэд**, Налшык къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор **Ачмыз Светланэ**, КъБР-м цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iэрыпщ Аскэрбий**, 2007 гъэм «Налшык и хьэрычэтыщIэ нэхъыфI» хъуа **ХьэIупщы Светланэ** сымэ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм кърихьэлIахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ **Щоджэн Ахьмэд.** Ар тепсэлъыхьащ зэпеуэр къызэрагъэпэщын хуей щIэхъуа щхьэусыгъуэм, зыхуагъэувыжа мурадхэм.

- Егъэджэныгъэм пыщIа дэтхэнэми къилъыхъуэу къыщIэкIынущ ар егъэфIэкIуэнымкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр, - жиIащ Щоджэным. - Псоми къыдгуроIуэ егъэджэныгъэм и лъабжьэр школым зэрыщагъэтIылъыр. Аращ еджапIэ нэхъыщхьэхэм школхэм ядэлэжьэныр щIафIэкъабылыр. Псом япэу дызэжалIэ Iэмалхэм ящыщщ сабийм и гупсысэм зезыгъэужь зэпеуэхэр. Аращ 2007 гъэм Ректорхэм я урысейпсо союзыр, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр, ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиер акъылэгъу зэдэхъуу школакIуэхэм я олимпиадэмкIэ Урысей совет къызэрагъэпэщыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар. А советым и унафэщIщ Ректорхэм я урысейпсо союзым и президент, Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и ректор Садовничий Виктор. Школ олимпиадэхэмкIэ урысей советыр сэбэп мэхъу ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм, гурыхуэхэм щIэныгъэ гъуэгу етынымкIэ. Абы хэтщ предмет щхьэхуэхэм хухэха эксперт-кIэлъыплъакIуэ гуп 17. Олимпиадэр урысейпсо мардэм ирагъэувэн папщIэ ар лъэныкъуэ куэдкIэ къалъытэ: олимпиадэм хуагъэхьэзыр лэжьыгъэм хэлъ творческэ бгъэдыхьэкIэмрэ ныбжьыщIэр зыгъэгупсысэ, и зэфIэкIхэр къезыгъэтIэщI щIэщыгъуагъымрэ; къызэгъэпэщакIуэхэм, лэжьыгъэхэм хэплъэ кIэлъыплъакIуэхэм я щIэныгъэр; къагъэсэбэп методикэм и куэдагъыр, еджакIуэхэр ныбжькIэ зэрызэщхьэщыкIыр, олимпиадэм къагъэхь лэжьыгъэхэр гугъуагъкIэ программэм къигъэувым тетыныр; абы епха дэфтэрхэр къызыхуэтыншэу зэхуэхьэсыныр, олимпиадэм теухуа хъыбарыр яхэгъэIуэныр; Iуэхум теухуауэ цIыхухэм я еплъыкIэр. «Республикэм и акъыл жанхэр» зэпеуэр къыщызэдгъэпэщми, а жыпхъэхэр щапхъэ тхуэхъуащ.

Зэпеуэм акъыл жану зыкъыщызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэр дипломкIэ, ахъшэ саугъэткIэ дгъэлъэпIэнущ. Си гугъэщ, абы гушхуэныгъэ къахилъхьэу, щIэныгъэм нэхъри хуэпабгъэ ищIыну. Гулъытэншэу къэдгъэнэнукъым ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэри: абыхэм фIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ яхуэдгъэхьэзыращ.

Щоджэн Ахьмэд фIыщIэ яхуищIащ зэIущIэр къызэгъэпэщыным зи мылъку хэзылъхьахэмрэ абы гугъу дехьахэмрэ.

Зэпеуэм теухуауэ и гупсысэр къигъэлъэгъуащ **Темрокъуэ Иринэ**:

- Жэуаплыныгъэ зыхэлъ Iуэхугъуэ гуэр къыщызэбгъэпэщым деж нэхъ узыгъэпIейтейуэ хэлъыр абы къэрикIуахэр къэппщытэжынырщ. Мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ абы хэта ныбжьыщIэхэми егъэджэныгъэм зи гуащIэр епха дэтхэнэми я дежкIэ. Мыбы и зэхэублакIуэхэм, егъэджакIуэхэм си гуапэу сынывохъуэхъу фи лэжьыгъэм гуфIэгъуэ куэд хэфлъэгъуэну.

Мы гъэм и мазаем Школ олимпиадэхэмкIэ урысей советым къипщытэжащ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щрагъэкIуэкIа зэхьэзэхуэхэм кърикIуахэр. Урысейм и ректорхэм я союзым и секретарь **Каширинэ Ольгэ** къызэригъэлъэгъуамкIэ, мы гъэм къуажэ школхэм я еджакIуэу олимпиадэм хэтахэм я бжыгъэр щыкIэ нэхъыбэщ илъэс кIуахэм нэхърэ. Олимпиадэхэмрэ зэпеуэхэмрэ къагъэсэбэпурэ школакIуэхэм я зэфIэкI зэрагъэунэхужыр хъарзынэщ.

УФ-м и еджапIэ нэхъыщхьэхэм гулъытэшхуэ хуащI хъуащ ныбжьыщIэхэм папщIэ акъыл зэпеуэхэм. Ди республикэри а щапхъэм ирикIуэн хуейщ. КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм мы еджапIэм къыщызэвгъэпэща зэпеуэр щIывдиIэтари аращ. Гуапэ пщымыхъуу къанэркъым зэпеуэм предмет зыбжанэ къызэрызэщIиубыдари, гупыж зыщI дэтхэнэри абы хэтыну хуит зэращIари. Ар еджакIуэхэм я щIэныгъэр къапщытэжынымкIи IэмалыфIщ, дэри зэпеуэм кърикIуахэр къэтлъытэу, методикэ IэмалыщIэхэм дыхуекIуэ хъунущ.

Темрокъуэ Иринэ зэпеуэм хэта ныбжьыщIэхэмрэ абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ ехъуэхъуащ щIэныгъэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьэну.

Институтым иригъэкIуэкIа зэпеуэм ехъулIэныгъэфI щызыIэрагъэхьащ республикэм и школ зэхуэмыдэхэм я еджакIуэ 32-м. Утыкум кърашэри щIыхь тхылъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратыжащ зэпеуэм къыхэжаныкIахэм. МатематикэмкIэ зэпеуэм ехъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьар 9-нэ классым щеджэхэрщ: ещанэ увыпIэр - Чеченовэ Далидэ, етIуанэр - Джуртубаевэ Iэзинат, япэр Уянаевэ Айлэ сымэ къахьащ. УрысыбзэмкIэ ещанэ увыпIэр къахьащ Есэнокъуэ Данэ, Къудей Инал, Фарафоновэ Дарие сымэ. ЕтIуанэ увыпIэр хуагъэфэщащ Алъкъэщ Алинэ, Баллаевэ Иринэ, Хьэшыр Лянэ сымэ. ТекIуэныгъэ къахьащ Базаевэ Алинэ, Забровская Марие, Дэбагъуэ Iэминэ сымэ.

ТхыдэмкIэ ещанэ увыпIэр - МаскIэ Дисанэ, Сэджыр Маринэ, Къумыкъу Дианэ сымэ; етIуанэр - Алъкъэщ Алинэ, Курмалиев Дмитрий, Абазэ Астемыр сымэ; япэ увыпIэр Малая Оксанэ, Ует Заирэ, Медведевэ Олеся сымэ къахьащ.

ГъащIэхэгъэгъуазэмкIэ ещанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ Базаевэ Алинэ, Абазэ Астемыр, ГъукIэлI Бэллэ сымэ. ЕтIуанэ увыпIэр яйщ Малая Оксанэ, Лыджыдэ Iэминат, Лашын Кристинэ сымэ. Псом нэхърэ нэхъ акъыл жану къыщIэкIащ ГъукIэ Залинэ, Щомахуэ Залинэ, ГъукIэпщ Iэсхьэд сымэ.

ФIыщIэ тхылъхэмрэ саугъэтхэмрэ хуагъэфэщащ а ехъулIэныгъэхэр зи фIыщIэ егъэджакIуэхэу Батчаевэ Танзиля, Иващенкэ Татьянэ, ПщыукI Натальe, Блий Людмилэ, ХьэIупщы Марьянэ, Настуевэ Сакинат, Кучмезовэ Маринэ, Малаховэ Наталье, Къэгъэзэж Тамарэ, Къардэн Маринэ, Лосэн Ларисэ, Гогуевэ Светланэ, Назаровэ Наталье, Щэбэзджэрий Маритэ, Абазэ ФатIимэ, Лыджыдэ Анжелэ, Иуан Маринэ, СантIыкъ Маринэ сымэ.

«Республикэм и акъыл жанхэр» зэпеуэм щытекIуахэр щагъэлъапIэ пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ. КърихьэлIахэр я макъ жыгъырухэмкIэ ягъэгушхуащ Даур Иринэ, Уэзрокъуэ Тимур, Тхьэзэплъ Залинэ, Къудей Аскэр, Мокаев Аслъэнбэч, «Райские птички» гупым. «Лъапэрисэ» къафэр ягъэзэщIащ институтым и «Темрюк» къэфакIуэ гупым (зыгъасэр Битокъу Науркъанщ).

ЩIэныгъэр Iуэхуу щыIэм я нэхъыщхьэщ, аращ зэлъытыжар псэукIэри. Гупсысэр бзыгъэ щыхъури щIэныгъэм щипсыхьарщ. ЩIэблэр а гъуэгу нэхум тешэнми къихьынур насыпщ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Гугъэр хэтхыжыпауэ, Бажэ Амир дытрегъакIуэ

● Футбол



**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Шинник» (Ярославль) - 1:0 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьыхьым и 9-м. ЦIыху 900 еплъащ.**

СУДЬЯХЭР Турбин, Болотенков (тIури Мэзкуу щыщщ), Минц (Новгород Ищхъэрэ).

«**Спартак-Налшык**»: Цыган, Мэкъуауэ, Костин, Джикие, Суслов, Щэуей (Бажэ, 58), Рябокобыленкэ, Султонов (Абазэ, 70), Киреев (Чхапелие, 46), Чуперкэ, Панюков (Болэ, 60).

«**Шинниик**»: Яшин, Кподэ, Стешин, Белоусов (Деобальд, 60), Ятченкэ, Гапон, Корытькэ, Зотов, Щадин (Родионов, 71), Низамутдинов (Кухарчук, 77), Малоян.

**Топыр дигъэкIащ**: Бажэм, 86 (1:0).

ДАГЪУЭ къыхуащIащ Щэуейм, Джикие, Стешиным, Малоян, Ятченкэ, Рябокобыленкэ, Сусловым.

Бэрэжьей кIуам Налшык щызэхуэзат мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэжрэ ирагъэкIуэкIа джэгугъуитхуми зэи къыщыхэмыжаныкIыфа Ярославль и «Шинник»-мрэ иужьрей зэIущIищым я хьэрхуэрэгъухэм топ щахудэзымыгъэкIыфа ди щIалэхэмрэ. Мыбыи гъуэхэр къэщтэгъуей зэрыщыхъунур хуэбгъэфэщэну гугъутэкъым.

ТхьэмахуитI нэблагъэ и пэкIэ «Газовик»-м драгъэкIуэкIа зэIущIэм елъытауэ «Спартак-Налшыкым» хэтхэм Биджий Хьэсэнбий зэхъуэкIыныгъэшхуэ хилъхьатэкъым, зи узыншагъэр зэфIэувэжа Мэкъуауэмрэ Рябокобыленкэрэ къахигъэхьэжа мыхъумэ.

Премьер-лигэм щIэбэну щIымахуэм техьа «Шинник»-р гъатхэм къыпхуэмыцIыхужынщ. Абы мыгъэрей джэгугъуитхум къыщихьыфар зы очко закъуэщ икIи, зэрыгурыIуэгъуэщи, пашэхэм къахэхуащ. Щхьэусыгъуэр, сыт щыгъуи хуэдэу, мылъкур къазэремэщIэкIырщ.

Арати, топ дэгъэкIыным щыужа командитIым джэгур хуэсакъыпэурэ къыщIадзащ. Хуэбгъэфащэ хъунт хэгъэрейхэр ебгъэрыкIуэну, ауэ абыхэм загъэхъейртэкъым. Апхуэдэу щыхъум, хьэщIэхэм тепщэныгъэр хуэм-хуэмурэ зыIэрагъэхьащ. АдэкIэ къикIуэт зимыIэ «Шинник»-м и футболистхэр хущIэкъуащ я насыпым зыкърагъэгъэзэну. Абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр лъэщт икIи шынагъуэт. А дакъикъэхэм шыIэныгъэ ин яхэлъу зыкъагъэлъэгъуащ «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьэтетымрэ гъуащхьэхъумэхэмрэ. Гугъуехьышхуэ пылъми, ди щIалэхэм хьэщIэхэр зэтраIыгъащ. АрщхьэкIэ нэрылъагъут, апхуэдэурэ екIуэкIмэ налшыкдэсхэм фIы зэрыщIамыхынур. Ар къагурыIуа хуэдэщ Биджий Хьэсэнбий зи унафэщI футболист гупми.

Загъэпсэхуа иужькIэ джэгупIэ губгъуэм къэрагъэхьащ Бажэ Амир, Болэ Руслан, Абазэ Руслан сымэ. Абыхэм зэIущIэм и екIуэкIыкIэм зрагъэгъэзащ. Иджы «Спартак-Налшыкрат» тепщэныгъэр зыIыгъыр икIи зи ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэмкIэ хьэрхуэрэгъухэр зыгъэгузавэр. Зи цIэ къитIуа дэтхэнэ зыми Iэмал хъарзынэхэр яIащ къыхэжаныкIыну. АрщхьэкIэ зэманыр кIуэрт, бжыгъэри къызэIуха хъуртэкъым.

Джэгур иухыным дакъикъитху къэнэжауэ арат. «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр къихьыну ди щIалэхэми стадионым къекIуэлIа цIыху мин иримыкъуми я гугъэр хахыжыпа хуэдэт. АрщхьэкIэ топыр Бажэ Амир къыIэрохьэ. Гъуэм и бгъум къыщыхута пэтми, ар лъэщу йоуэ. ХьэщIэхэм я гъуащхьэтет Янинным абы къыхуегъэгъазэркъым - 1:0. Ар, дауи, текIуэныгъэщ!

Бажэ Амир дэ куэд щIауэ дыкIэлъоплъ. Мэзкуу и «Спартак»-м и щIалэгъуалэ гупми Урысей Федерацэм и ныбжьыщIэ командэ къыхэхами ехъулIэныгъэфIхэр иIэу зэрыхэтам мызэ-мытIэу дытетхыхьащ. Мис иджы щалъхуа щIыналъэм абы и сэбэп йокI икIи «Спартак-Налшыкым» и фащэр щыгъыу бэрэжьей кIуам япэу дигъэкIа топым текIуэныгъэр къытхуихьащ. Шэч хэлъкъым ди командэщIэм и щIэгъэкъуэн лъэщ хъунухэм ящыщ зыуэ ар зэрыщытым икIи куэд дыдэкIэ дызэрыщыгугъым.

Арати, «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъухэм топ щахудимыгъэкIыфа зэманым и кIыхьагъыр сыхьэтихым и деж къыщыувыIащ. КъызэрыхэмыжаныкIыфар сыхьэтибгъум щIигъуауэ «Шинник»-м Къэбэрдей-Балъкъэрыр ибгынащ.

2013 - 2014 гъэхэм япэ дивизионым щекIуэкI зэхьэзэхуэр иухыным къэнэжар джэгугъуиблщ. Абы къыхэкIыу бэнэныгъэр хуабжьу зэщIоплъэ. Премьер-лигэм занщIэу кIуэну командитIым языхэзыр (Саранск и «Мордовия»-р) куэд щIауэ зэхэкIами, етIуанэ хъуну ерыщу хущIокъу гуп зыбжанэ. Иджыри къэс зи Iуэхухэр нэхъыфIа Тулэ и «Арсенал»-м и стадионым очкоитI зэрыщигъэкIуэдар къигъэсэбэпри, абы гъунэгъу дыдэ зыкъыхуищIащ, и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ящыщ зы Владивосток и «Луч-Энергия»-р джэгугъуэ кIуам хэзыгъэщIэфа, Мэзкуу и «Торпедо»-м. А гупищрауэ къыщIэкIынущ мы гъэм премьер-лигэм щIэбэныфынур.

Япэ дивизионыр зэрабгынэнумкIэ шэч щIагъуэ щымыIэжми, затыну загъэхьэзыркъым «Ангушт»-мрэ «Нефтехимик»-мрэ. Къапщтэмэ, Ингушым и футболистхэр зыкъомрэ Красноярск къалэм щыпэщIэтащ щIыпIэ «Енисей»-м. АрщхьэкIэ я футболиститI зэуэ джэгупIэ губгъуэм судьям щрихум, адэкIэ захуэIыгъыжакъым.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ япэ дивизионым хэт командэхэр иужьу зэрызэдэджэгуам къарикIуа бжыгъэхэм: «**Динамо**» (Санкт-Петербург) - «**Алания**» (Владикавказ) - **3:0**, «**Сибирь**» (Новосибирск) - «**Нефтехимик**» (Нижнекамск) - **2:1**, «**Енисей**» (Красноярск) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **4:1**, «**СКА-Энергия**» (Хабаровск) - «**Уфа**» (Уфа) - **2:2**, «**Газовик**» (Оренбург) - «**Химик**» (Дзержинск) - **2:0**, «**Ротор**» (Волгоград) - «**Салют**» (Белгород) - **3:0**, «**Торпедо**» (Мэзкуу) - «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - **2:0**, «**Арсенал**» (Тулэ) - «**Балтика**» (Калининград) - 1:1.

Мэлыжьыхьым и 14-м «Спартак-Налшыкым» и зи чэзу джэгугъуэр иригъэкIуэкIынущ. А махуэм ди щIалэхэр Волгоград къалэм «Ротор»-м щыIущIэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **«Мордовия»** | **29** | **19** | **7** | **3** | **51-22** | **64** |
| **2.** | **«Арсенал»** | **29** | **16** | **5** | **8** | **50-35** | **53** |
| **3.** | **«Торпедо»** | **29** | **15** | **7** | **7** | **33-15** | **52** |
| **4.** | **«Луч-Энергия»** | **29** | **14** | **8** | **7** | **33-14** | **50** |
| 5. | «Уфа» | 29 | 13 | 8 | 8 | 38-32 | 47 |
| 6. | «Алания» | 29 | 14 | 4 | 11 | 29-34 | 46 |
| 7. | «Газовик» | 30 | 12 | 10 | 8 | 31-26 | 46 |
| 8. | «СКА-Энергия» | 30 | 12 | 9 | 9 | 34-29 | 45 |
| 9. | «Балтика» | 29 | 11 | 10 | 8 | 30-25 | 43 |
| 10 | «Шинник» | 30 | 12 | 5 | 13 | 34-35 | 41 |
| 11 | «Сибирь» | 30 | 11 | 8 | 11 | 29-36 | 41 |
| **12** | **«Спартак-Налшык»** | **29** | **10** | **9** | **10** | **26-27** | **39** |
| 13 | «Енисей» | 30 | 10 | 9 | 11 | 32-37 | 39 |
| 14 | «Ротор» | 29 | 8 | 8 | 13 | 34-31 | 32 |
| 15 | «Динамо» | 30 | 8 | 7 | 15 | 28-40 | 31 |
| 16 | «Химик» | 30 | 8 | 6 | 16 | 20-43 | 30 |
| **17** | **«Салют»** | **29** | **6** | **9** | **14** | **23-35** | **27** |
| **18** | **«Нефтехимик»** | **29** | **4** | **10** | **15** | **26-35** | **22** |
| **19** | **«Ангушт»** | **29** | **3** | **5** | **21** | **21-57** | **14** |



*Сурэтхэр* **Уэлджыр Артур** *трихащ*

ЗэIущIэ нэужьым

**ПОБЕГАЛОВ Александр,**
*«Шинник»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

## Ди лъэр щIэхуащ

**- Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэжрэ фи командэм зы топи худэгъэкIакъым. Сыт абы и щхьэусыгъуэр?**

- Iэмал хъарзынэхэр сыт щыгъуи къызыдогъэпэщ, арщхьэкIэ топыр гъуэм дыхьэркъым. Мис ноби апхуэдэу щытащ. Аращ иджы еплIанэу мы гъэм 1:0-у дыкъыщIыхагъэщIари. Ди гъуащхьауэхэр къыщыхэмыжаныкIыфкIэ, гъуащхьэхъумэхэми щыуагъэ яIэщIокI.

**- Фи командэр премьер-лигэм щIэбэнынухэм хабжэу гъатхэм техьащ. Иджы Iуэхум зигъэзащ. Сыт мыхъур?**

- ПэщIэдзэ зэIущIитI-щыр къызэрыдэмыхъулIам гупым и лъэр щIигъэхуащ. Иджы Iуэхур зэредгъэфIэкIуэжыным ди къару псори хыдолъхьэ.

**БИДЖИЙ Хьэсэнбий,** *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

## ЩIалэгъуалэм дахоплъэ

- Джэгур зэрекIуэкIым арэзы дыкъимыщIу зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ етIуанэ Iыхьэм хэтлъхьащ. Гуапэщ абыхэм текIуэныгъэр къызэрытхуахьар. Дэ тщIэрт «Шинник»-р зэрылъэщыр икIи гъуащхьауэ лъэрызехьэхэр абы зэриIар. Арат дыхуэсакъыпэурэ зэIущIэр щIедгъэжьари.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Джикиерэ Щэуеймрэ Волгоград къыщыддэIэпыкъуфынукъым. Абыхэм дагъуэ къызэрыхуащIам къыхэкIыу къыкIэлъыкIуэ зэIущIэр благъэкIынущ.

**- «Спартак-Налшыкыр» мы гъэм япэ дивизионым къызэрыхэнэнур гурыIуэгъуэщ. КъыкIэлъыкIуэ зэхьэзэхуэм щывгъэджэгунухэм фегупсысрэ?**

- Ди футбол школхэм зыщызыгъасэ, илъэс пщыкIух-пщыкIубл зи ныбжь щIалэгъуалэр пщэдей щыщIэдзауэ ди гъусэу лэжьэнущ. Абыхэм къахэпх хъун яхэтмэ, зыхэдгъэхьэнущ, япэ дивизионым хэзэгъэфынухэр къахэтщыпыкIынущ. Ди щIыпIэм къыщалъхуахэр нэхъыбэIуэу «Спартак-Налшыкым» хэтын зэрыхуейр куэдым къызжаIэ. Аращ абыхэм нэхъ хэкъузауэ дяпэкIэ дадэлэжьэну мурад щIэтщIар. Иджыри къэс апхуэдэ Iэмал диIакъым.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# «Мурзилка» и ныбжьэгъухэр

● Щэнхабзэ

**Лэскэн район библиотекэм щекIуэкIащ „Мурзилкэ и ныбжьэгъухэр зэхуешэс“ зыфIаща зэхыхьэ гуапэр. Ар къызэрагъэпэщащ „Мурзилка“ журналыр илъэс 90 зэрырикъум и щIыхькIэ.**

ПШЫХЬЫР къызэрагъэпэщащ район библиотекэм и унафэщI **Тэрчокъуэ Анжелэ**, абы и методистхэу **Деунэж ФатIимэрэ Джатэжьей Залинэрэ**, сабий къудамэм и унафэщI **Болжат Музэ.**

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIа Бэвыкъуэ Сэтэнейрэ ДзыхьмыщI Мадинэрэ ныбжьыщIэхэр хагъэгъуэзащ сабий журнал зэхуэмыдэхэр къэралым къызэрыщыдэкIым, илъэси 6-12 хъухэм яхухэха „Мурзилка“ художественнэ журналыр цIыкIухэм фIыуэ зэралъагъум, абы и япэ номерыр 1924 гъэм Москва къызэрыщыдэкIам, ар мы гъэм илъэс 90 зэрырикъум. Журналым теухуауэ ятха усэ цIыкIухэм къахуеджа нэужь, сабийхэм яхутепсэлъыхьащ абы „Мурзилка“ щIыфIащам, а псэущхьэм и теплъэр зыхуэдэм. КъызэрыщIэкIымкIэ, абы и теплъэр 1937 гъэм къэзыгупсысар сурэтыщI Каневский Аминадавщ. Иджыпсту журналым и редактор нэхъыщхьэр Андросенкэ Татьянэщ.

- Журналым къытрадзэ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я Iэдакъэм къыщIэкIа шыпсэхэр, повестхэр, рассказхэр, пьесэхэр, усэхэр. ЩIэх-щIэхыурэ ущрохьэлIэ абы еджэ цIыкIухэм я тхыгъэхэми. Журналым мыпхуэдэ Iыхьэхэр иIэщ: „Галерея искусств Мурзилки“, „Школа безопасности“, „Головоломки“. Апхуэдэу абы къытохуэ есэпымрэ урысыбзэмкIэ дерс гъэщIэгъуэнхэр, джэгукIэ, зэпеуэ, викторинэ зэхуэмыдэхэр, - жиIащ Бэвыкъуэ Сэтэней. - Сабий тхакIуэ цIэрыIуэхэу Чуковский Корней, Гайдар Аркадий, Маршак Самуил, Барто Агние, Астафьев Виктор, Заходер Борис, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр зэгуэр мы журналым къытехуэу щытащ.

Зи махуэр ягъэлъапIэ Мурзилкэр зэхыхьэм кърихьэлIа ныбжьыщIэхэм къыщраджэм, езыри и гуапэу къахуеблэгъащ. Абы жиIащ и гуфIэгъуэр цIыкIухэм зэрыдагъэлъапIэм, сабийхэм къызэрацIыхум, фIыуэ къызэралъагъум, и журналым зэреджэм зэрыщыгуфIыкIыр. Журналым ехьэлIа Iуэхухэр сабийхэм ящIэ-ямыщIэр Мурзилкэ и упщIэхэмкIэ зэхигъэкIащ.

Мурзилкэ и юбилейм теухуа усэхэм къеджащ Болжат Миринэ, Заниловэ Арианэ, Табыхъу Фаридэ, Умэ Тембулэт, Къунаш Иланнэ, Куэшей Алинэ.

Барто Агние и „Королева“ усэм зэхуэсахэм къахуеджащ Галеевэ Ленэ. „Бажэ пшынэ“, „Теремок“ шыпсэхэм къытращIыкIа теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ. Абыхэм щыджэгуащ Куэшей Албэч, Атэлыкъ Миланэ, Мэремкъул Элинэ, Куэшей Алинэ, Алътуд Лианэ, Къагъырмэс Дианэ, МэшылI Ислъам, Азэмэт Азнаур, Атэлыкъ Астемыр. НыбжьыщIэхэм таурыхъхэмрэ шыпсэхэмрэ ятеухуа упщIэхэм жэуап иратащ.

Пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ таурыхъым къыхэщ лIыхъужьхэу Бажэм, Дыгъужьым, ТхьэкIумэкIыхьым, Джэдум, ПыIэ плъыжь цIыкIум, Уд Фызыжьым. Ахэр Мурзилкэ ехъуэхъуащ ефIэкIуэну, зиужьыну, дяпэкIи гуфIэгъуэ къахуихьыну.



Лэскэн районым и тхылъеджэ жыджэрхэр зэхыхьэм щагъэлъэпIащ. Апхуэдэхэщ Мэкъуауэ Дианэ (Хьэтуей), Инал Миланэ (Урыху), Бозий Альбинэ (Арщыдан), Древвэ Миланэ (Уэзрэдж), Гелой Дианэ (Лэскэн ЕтIуанэ), БолатовэТанзиля (Ташлы-Тала), Бекъалды Алинэ (Ерокъуэ), Умэ Тембулэт (Анзорей).

Пшыхьыр ягъэдэхащ Лэскэн районым гъуазджэхэмкIэ и сабий школым и гъэсэнхэм, Анзорей къуажэм и къэфакIуэ гупым.

Зэхыхьэр щиухым, ныбжьыщIэхэр къыхураджащ тхылъ, журнал Iущхэр я Iэпэгъуу, я ныбжьэгъуу псэуну, библиотекэм щIэх-щIэхыурэ кIуэну.

Зэхыхьэм и хьэщIащ Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бажэ Дотий, „Нур“ журналым и редактор нэхъыщхьэ Джэдгъэф Борис, Лэскэн районым гъуазджэхэмкIэ и сабий школым и унафэщI Нэгъуей Ритэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**




● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Мэл кIапэ гъэвэжахуэм бжьын, бжьыныху щIэгъэжьыхьауэ

Нэхъ къызыхащIыкIыу щытар мэл кIапэ жьахуэрщ. Щэ гъэвэжахуэм псы хуабэ дагъэжэхри, шыуаным иракIутэ, хьэкум трагъэувэри, къагъэплъ, дагъэ къыщIидзу зэрыхуежьэу IупщIэ пIащIэу упщIэта бжьынышхьэ халъхьэ, зэIащIэурэ ягъажьэ, тхъуэплъ мэхъу щыжаIэм, тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта бжьыныху, шыбжий халъхьэ, псори зэIащIэурэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъуху. ИтIанэ псывэ тIэкIу щIакIэ, шыгъу хадзэри, зэIащIэ. Шыуанышхьэр трапIэри, ягъэбэкхъ. Псы щIакIар щIагъэвэщIапэркъым, шыпсым хуэдэу щытын хуейщ. ПIастэм е мырамысэ хуабэм и кум иралъхьэри яшх. Сэбэп яхуохъу зи бгъэм щIыIэ хыхьахэм, жьы къызыпиубыдхэм. Трафыхьыж хабзэщ шэ хуабэ.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):***
Щэ гъэвэжахуэу - грамм 200
Бжьынышхьэ упщIэтауэ - грамм 60
Бжьыныху упщIэтауэ - грамм 15
Псывэу - грамм 60
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

## Адыгэ бжьын хужьрэ форэ

Бжьын хужь укъэбзар цIыкIу-цIыкIуурэ яупщIатэ, убалъэм иралъхьэри псы къыщIэжыху, щабабзэ хъуху яуб. А бжьын убар бинт щащIэм кIуэцIалъхьэри и псыр къыщIакъузыкI. А псыр банкI гъущэм иракIэ, май фо гъэткIуа хакIэри фIыуэ зэIащIэж. А зэхэшыпсыхьар банкI гъущэм иракIэ, и щхьэр быдэу ягъэбыдэжри, мыщIыIэ дыдэ щIыпIэм щагъэув. Адыгэ бжьын хужьыр и теплъэкIэ бжьыныхум ещхьщ, ауэ бжьыныху хьэдзэм хуэдэу гуэшакъым. Бжьын фо зэхэшыпсыхьар кIэтIий уз, Iупс бзаджэ, тхьэмщIыгъу, жьэжьей уз зиIэхэм ирафыну хуабжьу сэбэпщ. Апхуэдэуи фIыуэ уегъэжей, щIыIэ зыхыхьахэми сэбэп яхуохъу. Абы цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зыхуей витаминхэр куэд хэлъщ.

***Халъхьэхэр:***
Бжьын хужьым и псыу - грамм 250-рэ,
Фоуэ - грамм 300.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Ар пэжщ

## Насыпым и купщIэ

Лэжьыгъэм зэман хухэфх - ар ехъулIэныгъэм и уасэращ.

Гупсысэр убзыхуным зэман хухэфх - ар къарум и къежьапIэщ.

Джэгуным зэман хухэфх - ар щIалэгъуэ мыухыжым и щэхущ.

Еджэным зэман хухэфх - ар щIэныгъэм и лъабжьэщ.

Диным зэман хухэфх - ар къабзагъэм ухуэзышэ гъуэгущ.

Ныбжьэгъугъэм зэман хухэфх - ар насыпым и купщIэщ.

Лъагъуныгъэм зэман хухэфх - ар гъащIэм и тыгъэ телъыджэщ.

ХъуэпсапIэм зэман хухэфх - аращ псэр вагъуэм лъэзыгъэIэсыр.

Дыхьэшхыным зэман хухэфх - гъащIэм фызыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм фыблихынущ.

Дахагъэм зэман хухэфх - абы дэни фыщрихьэлIэнущ.

Фи Iуэхухэр фубзыхуным зэман хухэфх - аращ ищхьэмкIэ зи гугъу щытщIа Iуэхугъуэ 11-р зэвгъэхъулIэным и щэхур.

БРЭГГ Пол.

ЗауэмI, мафIэми, псыми гущIэгъу жыхуаIэр ящIэркъым - запэщIумыгъахуэмэ нэхъыфIщ.

ЦIыхум и укIытэ псори щыгъэпщкIуар и нэращ, ар мыукIытэмэ, адрейхэм уащымыгугъыххэ.

ТхьэмыщкIэм и тхьэусыхафэр бейм фIэдыхьэшхэнщ.

Дэтхэнэ цIыхуми зегъэщIэращIэ езым тэмэму зыкъыщыхъужыху.

Гуапагъэу хуэпщIам нэхърэ нэхъыбэж гуауэ защIэу къозыщIэжыф уи ныбжьэгъухэми Iыхьлыхэми къахокI.

Псалъэ птамэ, ар гъэпэж, пэжыныгъэр ди адыгэ хабзэщи.

● Псалъэ пэжхэр

## Нэхъыжь псори тхьэмадэу ягъэтIысыркъым

Сыт хуэдэ щыгъын щыптIагъэми, ар хуэфащэу щытын хуейщ уи Iэпкълъэпкъми, уи нэмысми, уи щытыкIэ псоми.

Зи быныр зыгъэсэфа адэ-анэри ягъэса бынри дыгъэм и нэхумрэ гъащIэм и IэфIымрэ зэи щыщIэнукъым.

Нэхъыжь псори тхьэмадэу ягъэтIысыркъым.

Зым фIэгубзыгъэр адрейм фIэделэщ, адрейм фIэделэр мыдрейм фIэгубзыгъэщ.

КIУРАШЫН Алий.

● Интернетым дыкъыщоджэ

## Мывэ лъапIэм и хъыбар

Зы хьэрычэтыщIэ гуэрым Африкэ Ипщэм налмэс (алмаз) къыщищэхуащ, джэдыкIэ кугъуэ хуэдиз хъууэ. Ар унэм нэсыжу зэпиплъыхьа нэужь, и кур къызэрычам гу лъитэри, хуабжьу и жагъуэ хъуащ. ДыщэкIым деж ихьащ мывэм ещIэн хуеймкIэ ечэнджэщыну е хуелэжьыжыну елъэIуну. IэщIагъэлIыр мывэм еплъри, и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

- Мы мывэр IыхьитIу зэгуэбуду, налмэс тыкъырыфI къыхэпщIыкI хъунущ, ауэ зэ еIусэгъуэм мывэр игъэщащэу, уасэ зимыIэ Iыхьэ цIыкIу-цIыкIуу зэбгрыщэщынри хэлъщ. Сэ абы сытегушхуэфынукъыми, уи мывэ чар къэщтэжи нэхъыфIщ.

ХьэрычэтыщIэр Iуэху иIэу здэлъатэ къэрал куэдым дыщэкI Iэзэхэр къыщилъыхъуащ, и налмэс къэчар тыкъыритI иригъэщIыну и мураду.

Зыгуэрым абы къыжриIащ Амстердам дыщэкI лIыжь Iэзэ дыдэ щыпсэууэ. ХьэрычэтыщIэр Амстердам кIуащ, лIыжьри къигъуэтащ. ДыщэкIыр мывэ лъапIэм еплъын зэрыщIидзэу, къыщыщIынкIэ хъуну адрейхэм къыжраIар кърригъэжьащ. ЩIалэм лIыжьым и псалъэхэр зэпиудри, а хъыбарым зэрыщыгъуазэр, куэдым къызэрыжраIар, езым и деж къызэраунэтIар жриIащ.

Абы щыгъуэм лIыжьым а лэжьыгъэм текIуэдэну пщIэр къыжриIащ. ЩIалэр арэзы щыхъум, лIыжьыр, аддэ къуэгъэнапIэм къуэс, махуэ зыбжанэ фIэкIа мылэжьа щIалэщIэр кърриджэри, мывэр тIууэ зэгуиудыну елъэIуащ. ЩIалэщIэм мывэр и Iэгум ирилъхьэщ, уадэ цIыкIукIэ еуэри, тIууэ зэгуигъэхуащ. ХьэрычэтыщIэм ищIэнури жиIэнури хузэхэмыхыжу здэщытым щIэупщIащ:

- Куэд щIа мыр уи деж зэрыщылажьэрэ?
- Махуищ, - итащ жэуап лIыжьым.
- Къэрал куэдым щылажьэ дыщэкIхэм яхузэфIэмыкIар щIалэщIэм дауэ зэрищIар?
- Абы ищIэртэкъым мы мывэм и лъапIагъри, и Iэр мыкIэзызу еуэри, икъутащ.


Ишакси, е Шыд тхьэмыщкIэм теплъхьэр и хьэлъи, пэж дыдэу.
*Сурэтыр* Уэлджыр Артур *трихащ.*

● Фэ фщIэрэ?

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Голубь дикий** - Тхьэрыкъуэ Iэл
**Горлица малая** - Мысыр-тхьэрыкъуэ
**Дрозд белозобый кавказский** - БзуупцIэбгъэгуху
**Дятел зелёный** - ЖыгыуIуудзыфэ
**Жаворонок черный** - ЩIымахуэбзу
**Завирушки** - КIыкъырхэр
**Козодой** - БжэнщIэф
**Коноплянка горная** - КъущхьэбзухьэкIэ
**Крачка речная** - Псытхьэрыкъуэ
**Кулик** - Темэнбзу
**Куропатка белая** - Адэжынэхужь.

● Хъуэхъу



## Ди жьантIэм узыншэу куэдрэ дэсыну!

Лъэпкъым я нэхъыжьыфI, дадэ Iумахуэ **Щомахуэ Уэлий** и губзыгъагъэрэ и зэфIэкIкIэ Джылахъстэней щIыналъэм фIыуэ къыщацIыху. Абы и ныбжьым къриубыдэу гугъуехь куэд илъэгъуами, цIыхуфэм дэмыхуэным хуэдиз ишэчами, къэмыланджэу псэун хузэфIэкIащ. Ар учётчикыу, бригадиру, Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм Кировым и цIэр зэрихьэу щыIа колхозым и унафэщIу лэжьащ. Уэлий зыщIыхухэм жаIэ ар захуагъэм тету, цIыхур къыхуэарэзыуэ сыт зэмани и IэнатIэр зэрырихьэкIар. ЦIыхугъэрэ хабзэрэ зэрыхэлъым къищынэмыщIауэ, дадэр IэпэIэсэщ, абы чы матэ хьэлэмэтыщэхэр ещI, абыхэмкIэ и нэфI зыщыхуахэм яхуоупсэ, нэхъыжьи нэхъыщIи егъэгуфIэ.

Уэлий матэ щIыныр и тегъэупIэ къудей мыхъуу, адэжьхэм я IэщIагъэм щIэблэр хуегъасэ, уеблэмэ абы и хъыбар зэхэзыхахэр кIуэурэ дадэр зрагъэцIыху, бгъэдэсщ. Куэд зылъэгъуам куэд ещIэ. Аращ ар жьыми щIэми зэхуэдэу ящыгуфIыкIыу дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ зырыз къыхуигъуэтрэ, щIагъыбзэшхуэ щIэлъу щIепсэлъэфыр.

Щомахуэ Уэлийрэ и щхьэгъусэ Къэжэр Зоерэ быниплI зэдапIащ, нобэкIэ абыхэм къатепщIыкIыжахэр гумащIэу я куэщI ирапIыкI. Бынхэм IэщIагъэ ирагъэгъуэтын яхузэфIэкIащ, IэнатIэфIхэм пэрытхэщ, псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, адыгагъэ зыхэлъ цIыху къищIыкIахэщ.

Уэлий Джылахъстэнейм дэс Щомахуэ лъэпкъым я нэхъыжьщ, ущиякIуэщ. Акъыл жанкIэ сыт хуэдэ Iуэхуми бгъэдыхьэф дадэм къыхуэкIуэри къыхуеблагъэри куэд мэхъу, абыхэм папщIэ дадэм и «акъылылъэ чысэр» хьэзырыххэщи, зыкъыхуэзыгъазэ псоми «ятрегуашэ».

Мэлыжьыхьым и 12-м Щомахуэ Уэлий и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъури, ди лъэпкъым къыбгъэдэкIыу ди нэхъыжьыфIым дехъуэхъуну дыхуейт. И унагъуэми лъэпкъми яхуэузыншэну, и жьауэм дыщIэтыну, и чэнджэщ щхьэпэхэмкIэ ди щIэгъэкъуэныфIу Щомахуэхэ ди жьантIэм узыншэу куэдрэ дэсыну дыхуохъуахъуэ!

***Щомахуэ лъэпкъым къыбгъэдэкIыу.***

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Махъсымэм и щIэтIысыкIыр. **5**. Пхъэ уадэшхуэ. **8**. Мэ дахэ къызыхих ткIуаткIуэ. **9**. ХадэхэкI. **10**. Псы къиуам кърихьэх жыг, пхъэкIэбжьэкIэ хуэдэхэр. **11**. Бзу ... **13**. Псыщхьэ тещтыкIа. **14**. Дэ ... **16**. Iэщ: къэгубжьауэ упэщIэхуэмэ, бжьакъуэпэкIэ узэрихьэнщ. **19**. КъигъэпкIышхуэ щымыIэу школым щIэс еджакIуэм ар хуагъэув хабзэщ. **20**. Зыбжанэ, зыкъом. **21**. IэпслъэпсымI щыщ. **25**. Унэ щаухуэкIэ къагъэсэбэп пкъыгъуэ. **27**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. И ныбжьыр мы гъэм илъэс 85-рэ ирокъу. **28**. Iэуэлъауэ ... **29**. Пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу къызыпыкIэ жыг. **30**. Бжьэхуцым къыхэщIыкIа щэкI Iув. **33**. КIыщокъуэ Алим и роман "Нал ...". **37**. ... бэлъ-току. **38**. А унэцIэр зэрахьэ: адыгэ генералым; Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуа усакIуэ цIэрыIуэм; Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист хъуа уэрэджыIакIуэм. **40**. Уафэм къех мыл тыкъыр цIыкIу. **42**. Нартыху хъумапIэ. **43**. Лъэпкъым ди блэкIам ... къыхэтхыпхъэщ. **45**. Выр зэрыщIащIэ пхъэ. **46**. ЩIалэжьым фIыуэ щIикIэри, ...-небэу ежьэжащ. **47**. Америкэм щыIэ къэрал нэхъ инхэм ящыщ. **48**. ЛIы ... яку щыдэмылъкIэ, зэгъунэгъуитIыр зэ зэкIужыпхъэт. **49**. Зыгуэрым и нэз, и Iуфэ. **50**. Ахъшэ жьгъей. **51**. Узэрыбэуэну хьэуар пхуримыкъуу, дунейр щыхуабэвэх зэман.

***Къехыу:*** **1**. ПхъэIэпэм нэгъуэщIу зэреджэ. **3**. Пхъэм къыгуэлъэта пакIэ папцIэ цIыкIу. **4**. Гуэдз ... **6**. МахуэцIэ. **7**. МэкъумэшыщIэм и Iэмэпсымэ. **12**. Пашэ, пэрыт, гъуэгугъэлъагъуэ. **15**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **17**. Мэрем махуэм мэдджытым щащI нэмэз. **18**. Дагъыстэн лъэпкъ. Ди республикэми абыхэм ящыщ куэд щопсэу. **22**. Фоч, кIэрахъуэ хуэдэхэр щыщымыIа зэманым зэрахьэу щыта Iэщэ. **23**. КъурIэн цIыкIу. **24**. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта ... Борис. **26**. Ику иту тонн 70 - 80 къэзышэч псэущхьэ. **28**. Iэщым хуагъэтIылъ шхын. **31**. Iэпслъэпсым щыщ. **32**. ТхъуцIынэ щIэпхумэ - ар къыщIож. **34**. Iэщым хузэхащIэ Iус. **35**. Пщэ гъум. **36**. Зи гъэгъа хужьхэр Iэрамэ хъурейуэ къыпидзэ удз лIэужьыгъуэ. **39**. МэкъупIэхэм узыщрихьэлIэ къуалэбзу цIыкIу, щIагъуэу мылъэтэфу. **41**. ХадэхэкI. **44**. Революционер цIэрыIуэ ... Орджоникидзе. **46**. Хэтхэ я унэ ... тес?

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.



**Мэлыжьыхьым и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Хьэмыщэ. **4**. Пщыгъуэш. **7**. Пщы. **8**. Бохъшэ. **9**. Къуэлэн. **10**. Жумэрэн. **11**. Сытхъу. **13**. Къады. **14**. Шэ. **15**. Мы. **16**. Бо. **17**. Лашын. **19**. Пхъу. **22**. Батыр. **23**. Бзыгъэ. **27**. Сэ. **29**. ГъущIыпэ. **31**. Щэ. **32**. Дзы. **33**. Уз. **34**. ГупкIэ. **35**. Уэзы. **36**. Хьэнтхъупс. **38**. Нахъщэ. **39**. Уэрам. **40**. ГуIэ. **41**. Уэншэку. **42**. Шэрджэс.

***Къехыу:*** **1**. Хьэбэсабэ. **2**. Щхьэж. **3**. Къущхьэмышх. **5**. Щыкъун. **6**. Шындырхъуо. **12**. Хъушэ. **13**. Къыр. **17**. Лэрыгъу. **18**. Набдзэ. **20**. Къаз. **21**. Бгъэ. **24**. Псыгуэнсу. **25**. ЩIыIэтыIэ. **26**. Уэзырмэс. **28**. Гудзэ. **30**. Бзу. **36**. Хьэлэ. **37**. Сурэ.

# ГъащIэм и дерсхэр

**АПАЖЭ Ахьмэд и усэ кIэщIхэр**

* * *

Псалъэр кIэщIрэ купщIафIэм,
Къару иIэщ, хуэдэу мафIэм.
Псалъэр кIыхьрэ кIэлъэфым,
Ещхьщ дэкупщIэ нэфым.

Хьэлэмэтыщэу лъэщщи
псалъэм и къарур,
Абы къеIуатэр гупсысэм я нэхъ куур.
Пхуэмылъытэну инщи
псалъэм хузэфIэкIыр,
Абы къыптрегъакIэр дамэ е уеукIыр.

* * *

ЩымыIэу щытми уэ нэхъ Iущ,
ЦIыхум уащIыфыр гуитIщхьитI.
Ауэ гуитIщхьитIыр сытым щыщ,
Уэ умыхъу закъуэмэ напитI!

* * *

УцIыхуу, пхэлъу пагагъэ,
Зыбгъэдэмылъым къуаншагъэ
КIэлъызепхьэным напэншагъэ -
СщIэркъым сэ щыIэу нэхъ икIагъэ!

* * *

Ещхьыну хуейкъым зыри кхъуэм,
Яхьынуи фIэфIкъым зыми кхъэм.
Ауэ упсэу нэхърэ хуэдэу кхъуэм,
НэхъыфIщ уахьыжмэ пасэу кхъэм!

* * *

Мылъку фIэкIа
зымылъагъуж тхьэмыщкIэ,
Апхуэдизу диным щхьэ уикIа?
Псори иIэу зэрыкъулейм щхьэкIэ
Уэ плъэгъуа ажалым IэщIэкIа?

* * *

«СхузэфIокIри нобэ...» - жыпIэу,
Си къуэш, узэмыкIуэкI.
ЩыкIа куэдым къащIэныжу
Мы дунейр къокIуэкI.

* * *

ЦIыху хьэлэлыр, делэм пэпщIу,
Зэи утемыгушхуэ.
Уэ уи гугъэм щыщымыIэу
КIуэцIылъщ абы гушхуэ!

* * *

КъызэритIасэм хуэдэу и акъылым
Мэпсэу дэтхэнэ зыри зэрылъэкIкIэ,
Ауэ щыпщIэжкIэ
узэрещхьыр хьэкIэмэлым,
Щхьэ уефыгъуэн хуей уэ
нэгъуэщI къофIэкIкIэ?!

* * *

Уэ лIыгъэ пхэлъмэ, умыдзыхэу,
Зэманыр гугъуми, декIуэкIыф.
Абы дапщэщи зыхуэфащэм
Хуэфащэ пщIэр лъегъэсыжыф.

* * *

Уэ нэгъуэщIым хуэпщIмэ пщIэ,
Уи щхьэщ зыхуэпщIыжыр.
Куэдми мащIэми фIыуэ пщIэм
И уасэщ бгъуэтыжынур.

* * *

Ныбжьэгъу пэжым нэщхъеягъуэр
КъыпщещIыр псынщIагъуэ.
Жагъуэгъу бзаджэм уи гуIэгъуэр
Къыщохъу дэрэжэгъуэ.

* * *

ЦIыхубзым и жьэр мыгъуэм,
УхэкIыжащ тыншыгъуэм.
Хьэгъапхъэр уи пэшэгъум,
Шыгъу дыуигъэшхынщ фошыгъум.

* * *

«Щыблэр зэуэн!» - жызыIэу
псоми ебгыу,
Фызабэ ябгэу дэсар хьэблэм,
Езыр гуузу иукIыжащи щыблэм,
Дерс яхурехъу ар къуажэ щIэблэм.

* * *

«Iуэху мыублэ блэ хэсщ», -
ЖаIэр псалъэжь пэжу.
Ди хьэблэм щIалибл дэсщ,
Ефэн яублэм зэзэуэжу.

* * *

ЛэжьэнкIэ бжьэхэм хэт япэхъун,
Ахэр мычэму фо мэлъыхъуэ.
Ауэ «дыгъужьыр» пщIауэ мэлыхъуэ,
Уи хъушэм щынэ къащIэхъуэн?

* * *

Куэд и уасэщ ныбжьэгъу пэжыр.
Пэж жызымыIэр - ар цIыху нэпцIщ.
Щэм къахэкIми зыгуэр пэжу,
Адрей бгъущIрэ бгъур - тхьэгъэпцIщ.


Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд** (редактор нэхъыщхьэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр «Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэм я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту яхэтщ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэхэу ДыщэкI Соня, Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЩхьэщэмыщI Изэ, корректорхэу Афэ Тамарэ, Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ, ПхытIыкI Азэмэт, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Мырзэкъан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 4.687 ● Заказ №712